# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नई दिल्ली में मुख्य सचिवन के पचवां राष्ट्रीय सम्मेलन क आजु अध्यक्षता कइलें। उहां के बिहनहूं येह सम्मेलन क अध्यक्षता करबि। काल्हि से सुरू भइल तीनि दिन के येह सम्मेलन क उद्देस्य राष्ट्रीय विकास प्राथमिकताओं पर सतत बातचीत के जरिया से केन्द्र अउर राज्यन के बिच्चे साझेदारी क बढ़ावा दीहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री के सहकारी संघवाद के दृष्टिकोण पर आधारित यह सम्मेलन केंद्र और राज्य को एक मंच पर लाकर, देश की मानव पूंजी क्षमता और समावेशिता को बढ़ाने तथा भविष्य में विकास की गति तेज करने के लिए एकीकृत रोडमैप तैयार करेगा। सम्मेलन में 'विकसित भारत के लिए मानव पूंजी' विषय पर ध्यान केंद्रित किया जाएगा, जिसमें राज्यों और केंद्र शासित प्रदेशों के लिए सर्वोत्तम प्रथाओं और रणनीतियों को शामिल किया जाएगा। इस दौरान पांच प्रमुख क्षेत्रों पर विस्तार से चर्चा होगी। यह क्षेत्र हैं– प्रारंभिक बाल्यावस्था, स्कूली और उच्च शिक्षा तथा कौशल विकास, खेल और पाठ्येतर गतिविधियां। दीपेन्द्र की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से विशाल शर्मा।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि मिशन शक्ति क सफलता सज्जो विभागन के समन्वित कोसिसन से ही सम्भव बा। उहां के आजु लखनऊ में उत्तर प्रदेश पुलिस मंथन–2025 कार्यक्रम के सम्बोधित करत रहलीं। श्री योगी कहलें कि महिला सुरक्षा के परभावी बनावे बदे योजनाबद्ध ढंग से कार करे के होई। महिला लोगिन क सुरक्षा दुइ स्तर पर सुनिस्चित कइल जरूरी हौ–आंतरिक अउर बाह्य। परिवार आ समाज में अइसन सुरक्षित वातावरण बने, जहवां महिला निडर हो के आपन बाति कहि सकें। मुख्यमंत्री सार्वजनिक जगहिनि पर एंटी रोमियो स्क्वॉड आ महिला बीट पुलिस के जरिया से मजबूत सुरक्षा इंतिजाम सुनिस्चित कइले पर जोर दिहलें। श्री योगी महिला बीट पुलिस के संवाद, जागरूकता आ त्वरित सहायता क इंतिजाम मजबूत करे क निरदेस दिहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने सबेरे इग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ ओन्तीसवीं कड़ी होई। कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर प्रसारित होई। आकाशवाणी समाचार, दूरदर्शन समाचार अउर प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय क यूट्यूब चैनलो पर ई कार्यक्रम सोझै प्रसारित होई। आकाशवाणी से हिन्दी प्रसारण के जुरते बाद कार्यक्रम क क्षेत्रीय भाषा में प्रसारण होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दसवां सिख गुरु श्री गुरु गोबिंद सिंह जी के प्रकाश उत्सव पर सुभकामना दिहले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट में श्री योगी कहलें कि अन्याय आ अधर्म के खिलाफ श्री गुरु गोविंद सिंह जी क संघर्ष अउर धरम रक्षा क सनेसा सज्जो मानवता के सत्य, निस्ठा आ निर्भीकता के राहि पर अडिग रहले क प्रेरणा देला। येह मौका पर प्रदेस के कई जिलन में कई गो कार्यक्रम क आयोजन हो रहल बा। लखनऊ, गोरखपुर, प्रयागराज, वाराणसी, संतकबीरनगर के कई गुरुद्वारन से भिन्नहीं नगर कीर्तन आ प्रभात फेरी निकारल गइल। कई जगहिनि पर सरधालुअन बदे लंगर क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********

प्रयागराज में आयोजित होखे वाला माघ मेला–दुइ हजार छब्बीस क तइयारी जोरिया गइल हौ। मेला में सरधालुअन क सुरक्षा अउर सुगम यातायात पर प्रदेस सरकार क खास धियान हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में मेला के तइयारी क समीक्षा करत कहलें कि माघ मेला खाली आस्था क आयोजन नइखे बलुक भारत क सनातन परम्परा, सामाजिक अनुसासन अउर प्रसासनिक दक्षता क जीवंत उदाहरण हौ। सरकार क सर्वोच्च प्राथमिकता हौ कि देस–बिदेस से आये वाले सरधालुअन के सुरक्षित, स्वच्छ अउर सुव्यवस्थित वातावरण मिले।

मुख्यमंत्री कहलें कि येह बरिस पनरह से पचीस लाख सरधालु कल्पवासी होइहें जबकि पूरा मेला काल में बारह से पनरह करोड़ सरधालुअन के अइले क आगम हौ। उहां के निरदेस दिहलीं कि खास नहान क तिउहारन पर कउनों तरह क वीआईपी प्रोटोकॉल लागू न कइल जाव अउर सज्जो इंतिजाम समय से एकतीस दिसम्बर ले पूरा कइ लिहल जाव। बइठकी में बतावल गइल कि माघ मेला–दुइ हजार छब्बीस क आयोजन तीनि जनौरी से पनरह फरौरी दुइ हजार छब्बीस ले चउवालीस दिन तक ले होई।

**********

प्रदेस भर में घना कुहेसा अउर कड़ेर ठंडी क सिलसिला जारी हौ। घना कुहेसा क असर रेल अउर हवाई जतरो पर पड़ि रहल हौ। बड़हन संख्या में ट्रेन तय समय से कई घंटा अबेर से चलि रहलि हइनि। प्रदेस सरकार जिला प्रसासन, सज्जो नगर निगम अउर नगर पंचायतन के अलाव क पुरहर इंतिजाम सुनिस्चित करे के सथहीं असहाय अउर जरूरतमंद लोगिन के कम्बल बांटे क निरदेस दिहले हौ। मौसम विभाग प्रदेस क कई जिलन में आवे वाला तीनि दिन ले घना कुहेसा अउर सितलहरी क येलो अलर्ट जारी कइले हौ।

**********